


EPATIT B AK OU MENM


Aprann kijan epatit B afekte sante w e kisa w ka fè pou w diminye risk ou



Epatit B se youn nan enfeksyon ki pi komen nan mond lan, li gen 300 milyon moun k ap viv ak li nan tout mond lan.



Epatit B afekte fwa w. Fwa w enpòtan anpil pou sante w! Li trete tout bagay k ap rantre nan kò w.



Si li rete san trete, epatit B kwonik ka mennen nan yon maladi fwa e yon kansè fwa.



Nenpòt moun ka pran epatit B! Grenn mwayen pou w konnen si w gen epatit B se nan depistaj. Moun ka viv pandan plizyè deseni san sentom, donk li enpòtan pou yo fè tès.



Pou anpeche transmisyon an, pa pataje materyèl ijyenik familyal (razwa, bwòs dan, elatriye.), mete pwoteksyon lè w ap fè sèks, pa janm pataje egui oswa aparèy sante, e pa janm touche san moun san w pa mete gan.



Pale ak doktè w la de vaksen epatit B a! Li pa gen danje, li efikas, li ka pwoteje w kont viris la.